

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pancén utama basa Sunda nya éta alat komunikasi anu utamana pikeun ngayakeun hubungan/ kontak/ silaturahmi. Basa Sunda nu dipaké ku individu panyatur éta basa mangrupa salah sahiji sampel/ modél/ conto pribadi anu makéna. Upamana, kumaha tatakrama hiji jalma nalika campur gaul di masarakat anu mintonkeun kautamaan kalemesan budi, di antarana baé: hadé tata hadé basa, hadé ku omong goréng ku omong, hadé gogog hadé tagog, turta silihhasah, silihasih, silihassuh.

Dina basa Sunda aya nu disebut tatakrama basa Sunda, teu saeutik jalma nu boga anggapan wiréh tatakrama basa Sunda téh milu-milu kana jaman *féodalisme*. Padahal anu saéstuna mah tatakrama basa Sunda mintonkeun basa hormat nu nyarita ka nu diajak nyarita turta nu dicaritakeuna. Mungguhing kalemesan budi hiji jalma mangrupa sumbangan daérah kana kandaga budaya nasional.

Basa salah sahiji idéntitas jeung kareueus daérah. Upama ilang basana, tangtu bakal musna budayana. Éta ungkara nuduhkeun yén hiji daérah lamun geus teu ngagunakeun basa anu aya di daérahna, tangtu budayana bakal tumpur tur leungit.

Sukmawati nétélakeun tilu komponén nu ngadukung kamajuan hirup-huripna basa Sunda diantarana, nya éta saperti ieu di handap.

Kahiji, pamaréntah. Ampir tiap daérah di Indonésia geus miboga Perda nu tujuanana pikeun miara jeung ngamumulé basa salaku warisan budaya ti karuhun. Di Wilayah Jawa Barat panangtayungan Basa Sunda téh aya dina Peraturan Daérah Propinsi Jawa Barat No. 5 Tahun 2003 ngeunaan miara Basa, Sastra, jeung Aksara Daérah. Ku ayana Perda ieu téh dipiharep bakal leuwih tembres wates-wates jeung ajén-inajén budaya nu sakuduna *dirévitalisasi* diluyukeun jeung kondisi jaman kiwari.

Orokaya ku urang perelu diingetkeun yén Perda téh bisa jadi ngan saukur tulisan tanpa ma'na upama teu jelas *impleméntasina* (prak-prakanana), contona saperti euweuhna tindakan nu ngadukung kapentingan ngamumulé, miara jeung ngaronjatkeun basa Sunda sacara *kompéhénsif* tur *konsistén*. Pamaréntah geus sawadina méré conto ka masarakat dina tarékah pikeun ngaronjatkeun pamaké basa Sunda téh di antarana dina ngagunakeun basa Sunda nu hadé tur merenah téh kudu dicontoan heula ku pajabat ka masarakatna, méré kasempetan aprésiasi jeung pangleler dina ngagunakeun basa Sunda nu hadé sarta éndah boh dina ragam lisan boh tinulis ka masarakat ngaliwatan pasanggiri-pasanggiri atawa pembinaan jeung pelatihan nu geus tangtu waragadna ti pamaréntah nu bisa didélegasikeun ka dinas-dinas kasabit saperti dinas pendidikan sarta dinas kabudayaan jeung pariwisata.

Kadua, Sakola. Salah sahiji palakiah pikeun miara, ngamumulé jeung “pembinaan” basa Sunda téh ngaliwatan pangajaran nu aya di sakola. Basa Sunda téh jadi mata pelajaran Muatan lokal (Mulok) wajib di Jawa Barat mimiti ti tingkat

TK/RA nepika tingkat SMA/SMK/MA. Dina panduan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) nu dikaluarkeun dina Kaputusan Gubernur Jawa Barat taun 2006 pangajaran basa Sunda téh miboga tujuan sangkan siswa miboga pangaweruh, jeung paham kana basa sarta sastra Sunda boh dina jihat wangun, makna jeung pungsina, nu utamana siswa mampuh ngagunakeun basa Sunda kalawan merenah turta bener dina kahirupan sapopoé, di sagigireun éta pangajaran basa Sunda dipiharep mampuh nuwuhkeun sikep nu positif ti siswa ka basa jeung sastra Sunda nepi ka timbul kamampuh ngamangpaatkeun karya sastra Sunda pikeun mekarkeun kapribadian, sarta ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun basa Sunda. Sababaraha faktor anu ngadukung suksesna pangajaran basa Sunda di sakola di antarana faktor guru, murid, prosés, bahan ajar jeung kurikulum.

Katilu, panyatur. Komponén katilu di dieu maksudna sakabéh masarakat Sunda nu jadi panyatur basa Sunda. Kasang tukang panyatur basa Sunda dimimitian ti lingkungan kulawarga jeung masarakat. Nu jadi panginditan kamampuh basa Sunda munggaran geus pasti ti lingkungan kulawarga, ngan hanjakal saperti nu geus kasabit di luhur, kiwari beuki ngurangan kulawarga Sunda anu sapopoéna nyarita ngagunakeun basa Sunda utamana dikalangan nonoman, istilah basa indung nu ditundung jeung dipaéhan ku indungna sorangan téh mimiti kabuktian ku mahabuna gejala barudak Sunda nu ti barang gubrag kaalam dunya teu dilatih nyarita maké basa Sunda, tapi dicekok nyarita ku basa malayu nepi ka barudak teu apal basa indungna sorangan, nu antukna teu mibanda rasa kareueus kana basa indungna salaku basa

warisan karuhun nu luhung, sikep kolot-kolot kiwari kitu téh dumasar kana sababaraha alesan boh sieun salah nyarita basa Sunda boh kasieunan barudak katinggaleun pangajaran basa Indonesia di sakola atawa boga pamadegan réhna basa Sunda téh basa nu kurang géngsina jeung kampungan. Paktor lingkungan ogé mibanda pangaruh nu gedé pikeun kamekaran basa Sunda. Geus kama'lum kondisi kiwari masarakat Sunda téh sipatna hétérogen, utamana nu aya di kota-kota, tapi saupama aksés “pembinaan jeung pengembangan” bahasa tetep dijaga jeung dironjatkeun geus tangtu bakal cukup ngadukung kamekaran basa Sunda contona baé ngaliwatan média citak, sarta siaran radio jeung télévisi. Geus sakuduna dilobaan acara-acara boh dina radio atawa télévisi anu siaranana téh ngagunakeun basa Sunda kalawan kualitas siaran nu sarua jeung siaran radio atawa télévisi nasional, di sagédéngkeun éta nu teu éléh pentingna aksés kasenian nu gampang pikeun masarakat bisa ngadukung kana kamekaran basa Sunda, ku sabab kasenian bisa jadi salah sahiji média pikeun ngawanohkeun basa Sunda.

Numutkeun Rosidi dina (2004:24) *Cupumanik*, “ basa Sunda bakal paéh jalaran urang Sundana sorangan réa anu henteu ngarasa agul ngagunakeun basa Sunda sarta beuki réa urang Sunda nu geus arembungeun ngagunakeun basa Sunda tur embung maca basa Sunda beuki nambahan. Mémang henteu disumputsalindungkeun sarta henteu ngabibisani dina jaman kiwari, jaman anu sarwa canggih tur *modérn* loba jalma hususna urang Sunda anu henteu ngagunakeun basa Sunda alatan ngarasa éra, inggis disebut kampungan ku nu lian. Lian ti eta, salah sahiji bangbaluh di antarana

baé loba anu ngarasa hésé dina ngalarapkeun undak-usuk (tatakrama) basa Sunda.

Basa mangrupa salah sahiji alat pikeun komunikasi. Lian ti éta, ngaliwatan basa hiji jalma bisa nepikeun kahayang, eusi pikiran, rasa, jeung rupaning pamaksudan. Éta pamadegan téh luyu jeung nu kungsi ditétélakeun ku Yudibrata dina *Raksarasa*, 2007:133 “ yén pungsi basa Sunda nu pangpentingna nya éta keur komunikasi, tegesna keur nepikeun eusi pikiran, rasa, kahayang, jeung sarupaning pamaksudan panyatur atawa nu nulis ka nu lian ku sistem lambang sora nu arbitrér.

Upama dipatalikeun jeung pungsi basa salaku alat pikeun komunikasi, tangtuna tatakrama basa Sunda miboga peran anu kalintang penting dina kahirupan sapopoé alatan dina nyarita boh kasaluhureun boh kasahandapeun atawa ka sasama tangtu basa anu dipaké kudu bisa diwilah-wilah. Upamana, piraku kasaluhureun dina nyarita ngagunakeun basa kasar, tangtu urang nu nyarita bakal dianggap teu sopan atawa kurang didikan. Ku sabab éta, basa anu dipaké ku panyatur tangtuna henteu leupas tina tatakrama basa Sunda.

F. Djajasudarma Idat A (2007:41) nétélakeun yén sacara pragmatis pungsi undak-usuk téh pikeun ngedalkeun rasa sopan jeung silih ajénan dina nanjeurkeun démokrasi. Kacipta upama urang nyarita misalna baé, nyarita kasaluhureun heug henteu maké atawa ngalarapkeun tatakrama basa Sunda; tangtu bakal disebut teu sopan atawa henteu nyaho dikasopanan. Kalemesan budi basa hiji jalma salah sahijina bisa diukur ku tatakrama (undak-usuk) basa Sunda. Hiji jalma dianggap

sopan jalaran manéhna mahér, tapis tur parigel dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda sarta dibarung ku lentong, dangdanan, pasemon tur réngkak jeung peta. Sok sanajan ngalarapkeun tatakrama basa Sunda, tapi lamun henteu di barung ku lentong, dangdanan, pasemon tur réngkak jeung peta; angger baé bakal dianggap teu sopan. Tatakrama basa Sunda jeung lentong, dangdanan, pasemon tur réngkak jeung peta; silih pakuat-kait. Teu bisa dipisahkeun antara nu hiji jeung nu lianna.

Nurutkeun Saini K. M (2007 : 36) Basa Sunda dianggap hésé lantaran salah sahijina ku ayana undak-usuk (tatakrama basa Sunda). Sabenerna éta mangrupa alesan anu mélankolis, padahal basa mah bisana ku jalan dilatih turta digunakeun dina hirup sapopoé. Sagala rupa hal moal aya nu langsung bisa dilakonan, lantaran mikabutuh *prosés*. Intina kudu aya rasa kahayang atawa karep tur kareueus pikeun nanjeurkeun kasundaan.

Siswa bisa disebut parigel sarta mahér dina ngagunakeun basa Sunda upamana baé éta siswa mahér sarta parigel dina ngaregepkeun, mahér sarta parigel dina nyarita, mahér sarta parigel dina maca, tur parigel sarta mahér dina nulis nu bener turta merenah luyu jeung aturan-aturan tata basa atawa palanggeran éjahan.

Orokaya, dina enas-enasna atawa dina émprona dilapangan (di sakola-sakola) henteu saeutik siswa anu mibanda pangaweruh jeung kaparigelan dina maké basa Sunda, nu balukarna bisa jadi hahalang kana *prosés* pangajaran *éfektif*. Malahmandar henteu saeutik siswa anu ngarasa hésé dina ngalarapkeun tatakrama basa Sunda. Nu

antukna, para siswa leuwih milih nyarita ku basa Indonesia ti batan nyarita ku basa Sunda.

Ditilik tina jihat basa, kalimah pananya nya éta kalimah pananya anu eusina nanyakeun hiji perkara ka jalma nu lian sarta miharep réson nu mangrupa jawaban. Anu pungsina pikeun nanyakeun. Nurutkeun anu ditanyakeunana, kalimah pananya téh bisa dibédakeun jadi sababaraha rupa, di antarana, nya éta (1) kalimah pananya golongan atawa idéntitas, (2) kalimah pananya pagawéan, (3) kalimah pananya kaayaan, (4) kalimah pananya jumlah, (5) kalimah pananya ukuran, (6) kalimah pananya tempat, (7) kalimah pananya waktu, (8), kalimah pananya cara, jeung (9) kalimah pananya sabab.

Kamampuh nulis mangrupa salah sahiji aspék kamampuh makéna basa. Lamun hiji jalma resep nulis, tangtuna éta jalma kudu loba maca sangkan pangaweruhna jembar.

Panalungtikan-panalungtikan anu geus dilaksanakeun di antarana bae:

- 1) “ Korelasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda kelas VII SMP LAB Percontohan UPI (Novi Rosmala Déwi, 2003)”, pangaweruh di dieu nya éta bisa ngabédakeun dina wangun pilihan ganda (*multiple choice*) mana basa lemes keur sorangan jeung keur batur, basa loma, sarta basa kasar. Ari kamampuhna nya éta mampuh dina nyieun kalimah ngagunakeun basa lemes, sedeng, basa loma, sarta kasar.

- 2) “ Kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis surat pribadi siswa SMA Pasundan 8 Bandung (Witri Ermawati, 2003)”. Kamampuhna di dieu nya éta siswa nyieun surat pribadi kalawan dibebener undak-usuk/tatakrama basa Sunda.

Jadi, sakumaha anu didadarkeun di luhur yén siswa kudu mikawanoh sarta nyangking kana tatakrama basa Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan dibéré judul “ *Korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2009-2010*”. Tangtuna baé aya bébédaanantara judul nu geus aya jeung judul anu baris ditalungtik, diantarana nya éta: populasi jeung sampel, cara ngumpulkeun datana. Pangaweruh di dieu nya éta dina wangun ingetan (*recall*), pamahaman (*comprehension*) ngeunaan tiori tatakrama basa Sunda, sedengkeun kamampuhna nya éta siswa mampuh nulis kalima pananya pikeun wawancara kalawan ngalarapkeun ragam basa lemes keur sorangan, ragam lemes keur ka batur, ragam basa kasar. Sasaruana dina ieu panalungtikan pangaweruh dina wangun ingetan (*recall*), pamahaman (*comprehension*) ngeunaan tiori tatakrama basa Sunda jeung tatakrama basa Sunda.

1.2 Watesan Masalah

Sangkan ieu tujuan panalungtikan kahontal tur ambahanana teu lega teuing, ieu masalah anu jadi objék panalungtikan kudu diwatesan. Panalungtikan ieu ngan ukur

medar “ Korélasi pangaweruh dina wangun ingetan (*recall*) jeung pamahaman (*comprehension*) ngeunaan tiori tatakrama basa Sunda (basa lemes keur ka batur, basa lemes keur ka sorangan, basa kasar) sarta kamampuh dina wangun *aplikasi*/penerapan tatakrama basa Sunda (basa lemes keur ka batur, basa lemes keur ka sorangan, basa kasar) dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber.

Dumasar kana pasualan-pasualan anu didadarkeun, pasualan anu baris ditalungtik nya éta Korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2009-2010”.

Pangaweruh di dieu nya éta nepi ka mana ingetan (*recall*) jeung pamahaman (*comperhension*) siswa kana tatakrama basa Sunda, ari kamampuhna nya éta siswa mampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah anu geus dipedar, masalah anu baris ditalungtik di antarana baé saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha pangaweruh/ingetan (*recall*) jeung pamahaman (*comperhension*) siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung kana tatakrama basa Sunda (basa lemes keur ka batur, basa lemes keur sorangan, basa kasar)?

- 2) Kumaha kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung?
- 3) Naha aya korélasi anu signifikan antara pangaweruh (*recall*) jeung pamahaman (*comperhension*) sarta kamampuh (*aplikasi*) ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Tujuan husus diayakeun ieu panalungtikan nya éta hayang mikanyaho nepi ka mana kamampuh jeung pangaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber nu baris di tulis ku siswa SMP Pasundan 3 Bandung. Lian ti éta, ngingetkeun deui ka panalungtik sangkan jadi bekel hirup kumbuh di masarakat.

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) pangaweruh/ingetan (*recall*) jeung pamahaman (*comperhension*) siswa ngeunaan tatakrama basa Sunda;
- 2) Kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber; jeung
- 3) Korélasi antara pangaweruh sarta kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa

dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh, nambahan tiori-tiori jeung aplikasi matéri tatakrama basa dina pangajaran basa jeung sastra Sunda.:

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun:

a) Guru

- Mikanyaho sa jauh mana pangaweruh murid ngeunaan tatakrama basa Sunda;
- Mikanyaho sa jauh mana kamampuh siswa dina nyieun kalimah pananya pikeun wawancara narasumber.

b) Siswa

- Nambahan pangaweruh ngeunaan tatakrama basa Sunda;
- Mahér tus tapis dina nulis kalimah pananya dibarung ku larapna tatakrama basa Sunda.

c) Lembaga

- Pikeun pengembangan pangajaran dibidang kabasaan ngeunaan

tatakrama basa Sunda;

- Muka wawasan élmu pangaweruh nu leuwih jembar ngeunaan tatakrama basa Sunda.

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta sagala tiori, psamanggih, jeung bebeneran anu dijadikeun cecekelan panalungtik miboga fungsi minangka hal-hal anu bakal dipaké tempat dadasar pikeun panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikan (Arikunto, 2006:24).

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Pangajaran tatakrama basa Sunda mangrupa bagian tina pangajaran basa.
- 2) Tatakrama basa Sunda mangrupa pangajaran anu kudu dilatih ka siswa diunggal sakola, sangkan para siswa mahér tur parigel dina ngalarapkeuna kalawan bener turta merenah.
- 3) Nulis kamampuh wawancara téh kaasup salah sahiji Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar mata pelajaran basa Sunda pikeun SMP.
- 4) Maké tatakrama basa Sunda dina kahirupan sapopoé méré gambaran tahap budi pekerti hiji jalma.

1.7 Hipotésis

Hipotésis nya éta bebeneran saheulaanan nu ditangtukeun ku panalungtik, tapi

masih kudu dibuktikeun, dités, atawa diuji bebeneranana (Arikunto, 2006 : 25).

Hipotésis anu baris diuji dina ieu panalungtikan nya éta hipotésis alternatif (Ha) anu ungelna “Aya korélasi anu signifikan antara pangaweruh jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2009-2010”.

1.8 Raraga Tiori

Raraga tiori mangrupa tatapakan pikeun nalungtik pasualan-pasualan nu jadi udagan dina ieu panalungtikan. Buku sumber anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku tiori kabasaan jeung tiori panalungtikan. Tiori kabasaan sarta panalungtikan diantarana baé museur kana buku: *Prosedur Penelitian* (Arikunto:2006), *Pedaran Basa Sunda* (Yayat Sudaryat:2003), *Ulikan Wacana Basa Sunda* (Yayat Sudaryat:2007), *Kamus Undak-Usuk Basa Sunda* (Budi Rahayu Tamsyah : 2006), *Raksarasa: Antologi Basa jeung Sastra Sunda katut Pangajaranan* (Iskandarwassid:2007), *Tatakrama (Undak-Usuk) Basa Sunda* (Adang S:1997), *Urang Sunda Jeung Basa Sunda* (Ajip Rosidi : 2007), *Palanggaran Ejaman Basa Sunda* (JPBD : 2008), *Bagbagan Makéna Basa Sunda* (Karna Yudibrata, spk:1990), *Statistik Pendidikan* (Hariyadi:2009), *Panduan Penelitian* (Sandjaja, spk:2006) .

1.9 Métodé jeung Téhnik Panalungtikan

1.9.1 Métodé Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif anu wanguna korélasional. Tujuan digunakeun ieu métode nya éta pikeun ngadéskripsikeun data ngeunaan pangaweruh sarta kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda. Data nu geus kakumpul, dianalisis ngagunakeun métode statistik. Désain panalungtikan nya éta:

$$X \leftrightarrow Y$$

(X) = Pangaweruh/ingetan (*recall*) jeung pamahaman (*comperhension*) siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung kana tatakrama basa Sunda (basa lemes keur ka batur, basa lemes keur sorangan, basa kasar).

(Y) = kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber.

1.9.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta tés. Téhnik tés dipaké pikeun ngumpulkeun data pangaweruh jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber.

1.10 Populasi jeung Sampel

1.10.1 Populasi

Populasi nya éta wilayah generalisasi nu ngawengku: objek/subjek nu miboga kualitas sarta yang karakteristik nu tangtu anu ditangtukeun ku panalungtik pikeun ditalaah tur ditarik kacindekanana. Dumasar kana kasang tukang, masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, tur cara nganalisis data, sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakumna siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung anu lobana aya 6 kelas, tur jumlah siswana 306. Sangkan leuwih jéntré, bisa dititénan bagan ieu di handap.

Tabél 1.1
Populasi siswa

Kelas	Jumlah	
	awéwé	lalaki
VII A	27	26
VII B	24	26
VII C	27	25
VII D	29	20
VII É	24	26
VII F	25	27
Jumlah Total	156	150

1.10.2 Sampel

Sampel nya éta bagéan tina jumlah jeung karakteristik nu dipiboga ku éta populasi. Sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta random (acak). Anu dijadikeun sampelna sakelas tina sababaraha kelas, lantaran dianggap ngabogaan sipat homogen di mana mibanda karakteristik anu sarua jeung sakabéh siswa. Jadi, sampel dina ieu panalungtikan nya éta hasil nulis siswa kelas VII E (sakelas) SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2009- 2010. Sangkan leuwih jéntré, bisa dititénan bagan ieu di handap.

Tabél 1.1
Sampel siswa

Kelas	Jumlah	
	Awéwé	Lalaki
VII É	24	26
Jumlah	24	26